



Board of Trustees

Eliza Anderson, Chair
 Robert Wood, Vice Chair
 Stefanie Dhanda, Treasurer
 Maren Anderson, Secretary
 David Boghossian
 H. Theodore Cohen
 Amy Daniels
 Darlene Ellis-Donahue
 Skip Hartwell
 James P. Kelley
 Colm Prendergast
 Gwen Thorne
 Steve Vinter

November 4, 2014

Chè Paran oswa Gadyen:

Nou kontan enkli “kanè” lekòl nou an. Li genyen enfòmasyon sou enskripsyon elèv ak kalifikasyon pwofesè yo, reysit elèv yo, responsabilite, ki jan lekòl nou an ap travay an konparezon avek lòt lekòl yo, ak pwogrè lekòl nou an ap fè pou konble twou vid ki genyen nan diferan gwoup elèv yo.

Premyè pati: Enskripsyon elèv ak kalifikasyon pwofesè

Premye seksyon nan kanè a bay enfòmasyon sou elèv yo ak pwofesè yo nan lekòl nou an kòm konpare lòt rejyon ak pwovens. Si pitit ou an ale nan yon lekòl ki resevwa lajan federal Tit I, ou gen dwa pou mande enfòmasyon sa yo sou kalifikasyon pwofesè nan sal klas pitit ou a.

- Si pwofesè pitit ou an gen lisans nan nivo klas la ak matyè lap anseye yo
- Si pwofesè pitit ou an ap anseye nan yon nivo tranzisyon pou li genyen lisans li.
- Degre inivèsite pwofesè pitit ou a ak matyè prensipal ke li te aprann
- Si yo bay pitit ou a sèvis ak èd pwofesyonèl, si wi, ki kalifikasyon pwofesè yo genyen.

Dezyèm Pati: Reysit elèv

Dezyèm seksyon nan kanè a montre koman elèv Massachusetts yo ap fè nan evalyasyon Nasyonal pou pwogrè Edikasyonèl, se yon tès ki pèmèt ou konpare pèfòmans elèv Massachusetts yo avek lòt elèv atravè nasyon an oswa nan lòt eta (vil) yo. Ou kapab we tou ki jan lekòl nou an pèfòme nan tès Massachusetts Comprehensive Assessment System (MCAS) kòm konpare nan rejyon ak nan eta.

Twazyèm pati: Responsabilite

Genyen twa moso enfòmasyon ki enpòtan nan twazyèm pati nan kanè a.

- Responsabilite ak nivo assistans: Yo mete lekòl ak rejyon yo sou youn nan senk responsabilite ak nivo asistans (1-5) sak ki pèfome pi byen an se nivo 1 e sa ki pèfome pi mal lan se nivo 5. Yo mete lekòl nou an nan yon nivo 1.


- Pousantaj lekòl la: Yon pousantaj lekòl se ant 1 ak 99 yo rapòte pou pi fò lekòl. Nimewo sa montre pefòmans jeneral lekòl nou an pa rapò ak lòt lekòl ki bay menm sèvis ak lekòl nou an. Pousantaj lekòl nou an li 81. Sa vle di ke lekòl nou an ap pefòme pi byen pase Sa vle di ke lekòl nou an ap pefòme pi byen pase 80 pousan nan lekòl ki bay menm sèvis ak lekòl nou an lekòl nan eta.
- Pwogrè ak Pefòmans tab matyè yo (Endèks) (PPI): PPI la se yon nimewo ki endike pwogrè lekòl nou an pou elimine twou vid nan konpetans elèv yo, oswa yon lòt fason ke nou ka di sa, se ede tout elèv yo rive nan konpetans yo, ak prepare yo pou yo reyisi aprè lekòl segondè. Massachusetts mete yon objektif pou yo diminye twou vid sou koze konpetans lan pa mwaye ant ane 2011 ak 2017. Pou yon gwoup elèv pou yo ka konsidere ke yo fè ase efò pou diminye twou vid nan konpetans yo, yo sipoze akimile 75 oswa pi wo nan PPI yo.

Nou ankourajew pou patisipe nan ede nou amelyore lekòl nou an. Kèk fason ou ka patisipe yo se;

- Ankouraje aprantisaj pitit ou an lakay ou
- Ale nan reyinyon paran avèk pwofesè ak lòt reyinyon espesyal
- Sèvi kom yon volontè nan lekòl nou an oswa nan rejyon an
- Ankouraje lòt paran pou yo vin patisipe

Pou plis enfòmasyon sou sa nap fe pou nou amelyore siksè elèv yo oswa pou nou mande enfòmasyon sou pwofesè nan sal klas pitit ou a, tanpri pa ezite rele nou nan 617-354-0047.

Sensèman,



Caleb Hurst-Hiller
Head of School